


La Bib pou ti moun prézanté

Karant ane



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson


Adapté pa : Lyn Doerksen

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Lè Bondye te libere Izrayelit yo
anba peyi Lejip, Moyiz te dirije pèp
la nan louwanj. Li te konpoze yon
chante adorasyon. "Mwen vle
chante pou Letènèl, paske li te
triyonfe avèk glwa." Moyiz te konn
chante pou tout gwo bagay Bondye
te fè pou Izrayèl.







3




4




5




6



7




8



Bondye te di Izrayelit yo : "Si nou koute vwa mwen, n ap rete pèp chwazi mwen an." "Tout sa Bondye di, n ap fè li," yo te di Moyiz. Yo te rive nan pye mòn Sinayi a epi yo te rete ap tann pandan Moyiz t apral rankontre ak Bondye.

9



Moyiz te sou mòn nan avèk Bondye pandan karant jou. Bondye te ekri Dis Kòmandman yo sou de tablèt wòch. Li te di Moyiz kijan li te vle pèp la viv.

10

1. Ou pa dwe genyen lòt bondye sou mwen.

2. Ou pa dwe mete ajenou devan zidòl (imaj).

3. Ou pa dwe site non Letènèl pou (w fè jwèt) granmesi.

4. Sonje jou repo a, se pou li rete yon jou ki sen.

5. Onore papa w ak manman ou.

11

6. Ou pa dwe touye moun.


7. Ou pa dwe fè adiltè.

8. Ou pa dwe vòlè.

9. Ou pa dwe bay manti.


10. Ou pa dwe genyen lanbisyon sou (konvwate) sa ki pa pou ou.

12



Pandan Moyiz te avèk Bondye sou Mòn Sinayi a, Izrayelit yo te fè yon bagay grav. Yo te bay Arawon lòd pou li fè yon ti bèf an lò, pou yo te adore kòm Bondye yo. Bondye te fache anpil, epi Moyiz te fache tou.


13



Lè Moyiz te wè pèp la ki t ap danse devan ti bèf la, li te kraze tablèt wòch yo atè a. Apre sa, li te detwi zidòl an lò a. Li te touye move moun yo ki t ap adore zidòl la.


14

Bondye te ranplase de tablèt wòch yo. Li te di Moyiz pou l bati yon tabènak — yon gwo tant ki te antoure ak yon kloti — kote Bondye ta kapab rete ak pèp li a. Se la yo te dwe adore Bondye. Kolòn nyaj la ak dife a te montre Bondye te prezan nan mitan yo.



15


Lè yo te toupri Kanaran, Moyiz te voye douz espyon pou y al gade peyi Bondye te pwomèt pèp li a. Tout espyon yo ansanm te di li te bèl anpil ! Men, se te sèlman yo de, Jozye avèk Kalèb, ki te kwè yo te ka genyen peyi a avèk èd Bondye.



16


Lòt dis espyon yo te pè anpil poutèt vil yo ki te byen fòtifye epi yo te genyen gwo jeyan ladan yo. "Nou p ap kapab genyen (konkeri) peyi sa a," yo t ape chuichui chuichui.

Yo te bliye gwo bagay Bondye te fè pou Li te libere yo anba men peyi Lejip.




17

Pèp la te suiv dis espyon ki pa te kwè yo. Yo te rele byen fò epi yo te prepare yo pou yo te retounen nan peyi Lejip. Yo te menm eseye touye Moyiz !



18

Bondye te sove lavi Moyiz. Apre sa, li te di pèp la : "Pandan karant an, n ap rete ap mache monte desann nan dezè a. Se sèlman Kalèb, Jozye ak pitit nou yo k ap viv pou y antre nan peyi nou meprize a."



19

Karant ane


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Egzòd 15 - Nonb 14

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

20



Fen

12



60

21

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

22